



Pou Piblikasyon Imedya: 28/07/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN PWOJÈ EKSPANSYON AK MODÈNIZASYON AYEWOPÒ ENTÈNASYONAL SYRACUSE HANCOCK LA

Pwojè a pral amelyore eksperyans pasaje yo epi ouvri chemen pou yon sant vwayaj klas mondyal nan Nouyòk Santral

Pon Boulevard Ayewopò yo renove; Koulwa Nò ki elaji, nouvo estasyon pou enspeksyon federal, ak plis espas pou chita ak konsesyon kreye yon pòtay klas mondyal

Ayewopò Syracuse resevwa 20 milyon dola nan men Konpetisyon pou Devlopman ak Revitalizasyon Ekonomik Ayewopò Rejyon Nò Eta Gouvènè a ki koute 230 milyon dola pou konplete renovasyon an

W'ap jwenn foto pwojè yo disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke travay fini sou yon pwojè pou amelyore eksperyans pasaje yo nan Ayewopò Entènasyonal Syracuse Hancock (Syracuse Hancock International Airport), pou kreye yon sant vwayaj klas mondyal ki pral benefisye tout rejyon Nouyòk Santral la. Pwojè ekspansyon ak modènizasyon an, ki te resevwa 20 milyon dola nan Konpetisyon pou Devlopman ak Revitalizasyon Ekonomik Ayewopò Rejyon Nò Eta (Upstate Airport Economic Development and Revitalization Competition) Gouvènè a ki koute 230 milyon dola, fè pati angajman kontinyèl Eta Nouyòk pou konstwi ayewopò Syracuse la pou fasilite ogmantasyon trafik pasaje yo epi akomode chanjman jenerasyonèl k ap fèt nan peyizaj ekonomik zòn nan. Nouvo karakteristik yo gen ladan yo yon Koulwa Nò (North Concourse) ki elaji ak plis plas pou chita, zòn konsesyon ak yon amelyorasyon nan sikilasyon pasaje yo. Pwojè a te renove tou dezyèm etaj bilding tèminal la nan lokal pòtay 15 la pou elaji etablisman Estasyon Enspeksyon Federal la, pou asire ayewopò a kenbe deziyasyon entènasyonal li a.

"Nouyòk Santral sou falèz yon nouvo epòk kwasans ak transfòmasyon ekonomik san parèy ki pral fè l tounen yon modèl nasyonal epi li enperatif pou enfrastrikti transpò nou an pare pou defi a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Amelyorasyon nou te fè nan Ayewopò Entènasyonal Syracuse Hancock la bay Nouyòk Santral sant vwayaj premye klas li merite a epi l ap bay vizitè yo yon bèl premye enpresyon ki pral fè yo retounen ankò e ankò, sa ap ankouraje davantaj kwasans istorik rejyon an."

Komisè Depatman Transpò Eta Nouyòk (New York State Department of Transportation, NYSDOT) la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Gras a lidèchip Gouvènè Hochul, Eta Nouyòk ap fè investisman istorik nan ayewopò nò eta nou yo — li ap transfòme yo an pòtay modèn, li ap akeyi vizitè ki soti toupatou nan mond lan epi li ap alimante touris ak kwasans ekonomik. Pa gen okenn lòt kote sa pi evidan pase nan Syracuse, kote Gouvènè a ap investi nan yon enfrastrikti transpò transfòmatè — soti nan I-81 rive nan Ayewopò Entènasyonal Syracuse Hancock, kote nou kreye yon etablisman klas mondyal ki pral akeyi vwayajè yo jodi a epi ede inogire avni enteresan ki ap tann Nouyòk Santral."

Anplis de sa, Depatman Transpò Eta Nouyòk la te fini yon renovasyon 10.5 milyon dola sou pon Airport Boulevard (Colonel Eileen Collins Boulevard) ki anlè otowout I-81 la, sa ki fasilite vwayaj pou ale ak pou soti nan ayewopò a.

Ayewopò Entènasyonal Syracuse Hancock se te youn nan nèf ayewopò nò eta yo ki te resevwa yon total 230 milyon dola nan dènye faz finansman Konpetisyon pou Devlopman ak Revitalizasyon Ekonomik Ayewopò Rejyon Nò Eta [Gouvènè Hochul te anonse an 2022](#). Sibvansyon sa yo gen entansyon ankouraje, revitalize ak akselere investisman nan ayewopò komèsyal sèvis pou pasaje, k ap ede kreye ayewopò pou 21è syèk la.

Konstwi an 1949, Syracuse Hancock sèvi kòm yon zòn kaptaj ki etann li depi nan fwontyè Kanadyen an rive nan Pennsylvania epi jere plizyè transpòtè komèsyal yo. Avèk sipò kontinyèl Eta Nouyòk, aktivite nan ayewopò a kontinye ogmante. Ayewopò a te jere plis pase twa milyon pasaje an 2024, yon ogmantasyon 5.2 pousan parapò ak ane anvan an. Anbakman an te ogmante soti nan 840,994 an 2021 pou rive prèske 1.5 milyon an 2024. Dènye done ki soti nan yon etid Depatman Transpò Eta a estime ke enpak ekonomik anyèl ayewopò a depase 864.5 milyon dola.

Nouvo pwojè amelyorasyon an, ki gen yon pri total estime 28.4 milyon dola, pral ajoute apeprè 370 mètr kare (4,000 pye kare) nan Koulwa Nò a, ki sèvi apeprè 40 pousan pasaje k ap vwayaje atravè etablisman an chak ane, epi ki bay plas pou amelyore sikilasyon pasaje yo, lòt zòn pou chita ak espas konsesyon. Konsepsyon an sipòte pi bon vantilasyon natirèl pou amelyore kalite lè a, ankouraje efikasite enèji atravè enstalasyon pano fenèt dinamik pou ogmante ekleraj natirèl ak nouvo kontwòl ekleraj ak detektè ki diminye ekleraj ki pa esansyèl pandan tan trankil yo. Ekipman bilding trè efikas la pral amelyore dirabilite ayewopò an tou.

Amelyorasyon nan Estasyon Enspeksyon Federal (Federal Inspection Station, FIS) Dwàn ak Pwoteksyon Fwontyè (Customs and Border Protection, CBP) ayewopò a asire enstalasyon an satisfè dènye estanda CBP yo epi prezève deziyasyon entènasyonal ayewopò a, ki gen ladan kapasite pou jere pasaje entènasyonal yo ak operasyon kago yo. Pwojè a pral enstale dènye ekipman FIS pou operasyon entènasyonal yo ki pral pèmèt tretman 200 pasaje pou chak èdtan, ranplasman yon pasrèl anbakman avyon, enstalasyon yon nouvo tou asansè ak kawousèl pou bagaj ak kreyasyon yon sal datant

adisyonèl ak espas pou anbake. Pwojè a te enstale tou yon nouvo sistèm kontwòl ekleraj pou orientasyon ak sipò pou pasaje ki gen pwoblèm tandè.

Nouvo pwojè a nan Syracuse Hancock bati sou pwojè renovasyon tèminal ki gen siksè ki te fini an 2018 epi, pami lòt amelyorasyon, te elaji tèminal prensipal pasaje yo epi konstwi yon nouvo fasad eksteryè ak tant pou kouvri kote pou depoze pasaje yo.

Nan prentan 2023 a, NYSDOT te kòmanse tou reyabilitasyon pon Airport Boulevard (Colonel Eileen Collins Boulevard) ki sou I-81 la, kote yo te enstale nouvo tabliye pon an beton, ranplase pout an asye ki te deteryore yo epi repare pilye ak pedestal an beton pou amelyore sekirite epi asire ke yon lyen vital pou ale ak pou soti nan ayewopò a kontinye sèvi vwayajè yo pandan plizyè deseni k ap vini yo.

Dènye amelyorasyon yo nan ayewopò a pral konplete [plan Micron yo](#), yon fabrikasyon memwa ak depo ki baze Etazini ak katrinyèm pi gwo pwodiktyè semikondiktè nan mond lan, pou envesti jiska 100 milya dola pandan plis pase 20 ane k ap vini yo pou konstwi yon kanpis fabrikasyon semikondiktè dènye kri nan Konte Onondaga, Nouyòk.

Depatman Transpò Eta Nouyòk (New York State Department of Transportation, NYSDOT) ap administre Konpetisyon pou Devlopman ak Revitalizasyon Ekonomik Ayewopò Rejyon Nò Eta a epi li te ouvri pou ayewopò sèvis pasaje komèsyal yo nan nò eta a ak ayewopò ki te bay sèvis espesyalize pou avyon komèsyal ak/oswa avyon antrepriz yo. Yo te ankouraje aplikan yo pou aplike pou finansman yon sèl pwojè oswa yon pwogram pwojè ki pral ede satisfè demann 21èm syèk la. Pwojè ayewopò elijib yo te soumèt pou revizyon yo te evalye sou baz kritè etabli, ki gen ladan men pa limite a inovasyon nan konsepsyon, ekipman pasaje yo ak eksperyans, efikasite operasyon, ak efikasite ekonomik pou rejyon ayewopò a.

Senatè Eta a, Rachel May, te deklare, "Ayewopò Entènasyonal Syracuse Hancock la se yon sant enpòtan pou vwayajè nan tout Nouyòk Santral. Finisman ekspansyon ak amelyorasyon yo ap asire ayewopò a kontinye bay sèvis ekselan nan yon etablisman modèn pou plizyè ane kap vini yo", Senatè Rachel May te deklare. "Mèsi Gouvènè Hochul pou sipò kontinyèl li, ki pèmèt nou ofri vwayajè nan Nouyòk Santral yo yon eksperyans ayewopò klas mondyal."

Senatè Eta a, Chris Ryan, te deklare, "Avèk investisman istorik ak yon vizyon solid pou lavni, Nouyòk Santral ap vin tounen yon pòtay mondyal pou inovasyon, biznis ak touris. Finisman ekspansyon sa a nan Ayewopò Entènasyonal Syracuse Hancock voye yon mesaj klè: nou pare pou akeyi vizitè ki soti toupatou nan eta a ak atravè lemond. Mwen fyè pou m sipòte yon pwojè ki amelyore eksperyans vwayaj pou rezidan yo ak vizitè yo san distenksyon, tout pandan l ap nourri momantòm ekonomik rejyon an pou jenerasyon k ap vini yo."

Prezidan Transpò Asanble a, William Magnarelli, te deklare, "Modènizasyon ayewopò lokal nou yo pèmèt vil ki nan nò eta a kontinye rete yon motè nan devlopman ekonomik lè yo atire touris ak biznis ki andeyò vil la", deklarasyon Manm Asanble

William Magnarelli, Prezidan Komite Transpò a. "Angajman gouvènè a pou amelyore Ayewopò Entènasyonal Syracuse Hancock la revitalize etablisman an pou l kontinye satisfè bezwen pasaje yo k ap grandi pandan zòn Nouyòk Santral la ap prepare pou yon devlopman ekonomik ogmante nan zòn nan."

Manm Asanble Al Stirpe te deklare, "Investisman nan Ayewopò Syracuse Hancock la rive nan yon moman kle nan devlopman rejyon nou an alavni. Avèk rive Micron k ap atire nouvo opòtinite biznis, plizyè dizèn milye djòb, ak yon gwo ogmantasyon popilasyon, Syracuse Hancock pral pi byen ekipe pou jere yon demann k ap grandi deja pou vwayaj ayeryen. Se yon lòt etap nan transfòmasyon ekonomi Nouyòk Santral la."

Manm Asanble Pamela Hunter te deklare, "Finisyon pwojè transfòmasyon sa a nan Ayewopò Entènasyonal Syracuse Hancock make yon gwo etap enpòtan pou Nouyòk Santral. Amelyorasyon enpòtan sa yo pa sèlman pral amelyore eksperyans vwayajè yo, men tou, y ap ranfòse kapasite rejyon nou an pou atire investisman ekonomik epi sipòte kwasans alontèm. Mwen fyè wè investisman kontinyèl nan enfrastrikti ki ede pozisyon kominote nou an pou yon avni ki pi briyan e ki pi konekte."

Majistra Vil Syracuse Ian Ben Walsh te deklare, "Avèk gwo sipò Gouvènè Hochul la, Ayewopò Entènasyonal Syracuse Hancock la se yon pwen fyète pou Nouyòk Santral. Moun k ap vwayaje pou ale ak pou pase nan Syracuse fè eksperyans yon etablisman ki gen espas piblik ak ekipman eksepsyonèl ansanm ak enfrastrikti pou sipòte vwayaj an sekirite ak pratik. Ayewopò nou an pare pou kontinye devlope rejyon an."

Direktè Egzekitif Otorite Ayewopò Rejyonal Syracuse la (Syracuse Regional Airport Authority), Jason Terreri, te deklare, "Selebrasyon jodi a avèk Onorab Gouvènè Kathy Hochul ak Komisè NYSDOT Marie Therese Dominguez montre angajman Eta Nouyòk pou sipòte kwasans ak siksè non sèlman ayewopò nou an, men tou rejyon nou an tou. Pwojè Ekspansyon Tèminal sa a, finanse pa eta a, ann akò ak vizyon ekip nou an pou kreye epi kenbe yon pi bon eksperyans ayewopò nan Ayewopò Entènasyonal Syracuse Hancock — pòtay pou ale nan Nouyòk Santral ak odela!"

Enfòmasyon sou Depatman Transpò

Se misyon Depatman Transpò Eta Nouyòk pou founi yon sistèm transpò ki an sekirite, fyab, ekitab, ak rezistan ki konekte kominote yo, amelyore kalite lavi, pwoteje anviwònman an, epi sipòte byennèt ekonomik Eta Nouyòk.

Lavi yo andanje; ralanti epi mete nou sou kote pou travayè otowout yo!

Pou plis enfòmasyon, jwenn nou sou [Facebook](#), swiv nou sou [X](#) oswa [Instagram](#), oswa vizite [sitwèb](#) nou an. Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, rele 511, vizite www.511NY.org oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

###

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)